



## 5 Premye Bagay pou Konnen sou Vòt Antisipe An Pèsòn

Men repons pou senk kesyon moun poze souvan sou vòt antisipe an pèsòn pou Eleksyon Jeneral 2024 lan:

### 1. KISA KI VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN LAN?

Opsyon sa a pèmèt tout elektè ki enskri yo depoze bilten yo **an pèsòn, sou yon machin vòt, pandan yon peryòd nèf jou avan Jou Eleksyon Jeneral lan**. Ou kapab chwazi pou ou vote an pèsòn lè sa pi pratik pou orè pa ou.

### 2. KI KOTE MWEN KAPAB JWENN AKSÈ POU VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN?

- Kèlkeswa kote ou viv nan konte an, ou kapab vote bilten spesifik pa ou nan nenpòt lokal pou vòt antisipe an pèsòn ki **nan konte pa ou**.
- Jwenn list lokal nan konte pa ou sou sit **VOTE.NJ.GOV**.

### 3. KI LÈ MWEN KAPAB JWENN AKSÈ POU VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN LAN?

- Lokal pou vòt antisipe an pèsòn yo pral ouvè **samdi 26 oktòb jiska dimanch 3 novanm**.
- Lè ouvèti yo pral **lendi-samdi, 10:00 a.m.-8:00 p.m. epi dimanch, 10:00 a.m.-6:00 p.m.**  
Ou pa bezwen pran randevou pou sa. Dispozisyon pral pran pou akomode elektè yo ki genyen andikap.

### 4. E SI MWEN TE TOUJOU VOTE NAN LAPÒST, MEN KOUNYÈ A MWEN PITO VOTE AN PÈSÒN?

- Si ou enskri pou vote nan lapòst nan Eleksyon Jeneral 2024 lan, ou gen dwa depoze bilten ou pandan peryòd vòt antisipe an pèsòn lan **oubyen** nan Jou Eleksyon an avèk yon **bilten pwovizwa** yo pral ba ou nan lokal vòt antisipe an oswa nan biwo vòt lan. Jwenn plis enfòmasyon sou bilten pwovizwa yo sou sit **VOTE.NJ.GOV**. Si ou pa vle resevwa bilten pou vote-nan-lapòst ankò, kontakte biwo Grefye Konte ou, ki rele ann anglè County Clerk, pou plis enfòmasyon.


### 5. ÈSKE MWEN TOUJOU KAPAB CHWAZI PAMI LÒT OPSYON ANKÒ POU VOTE?

Wi. Ou kapab chwazi, olye sa, pou ou:

- **Vote an pèsòn** nan biwo vòt ou, **ant 6:00 a.m. jiska 8:00 p.m nan Jou Eleksyon an, madi 5 novanm**.  
Dispozisyon pral pran pou akomode elektè yo ki genyen andikap. Vizite sit **VOTE.NJ.GOV** pou biwo vòt ou, ki sou list nan paj Lokal pou Vote, ann anglè Polling Locations.
- Oswa, aplike pou resevwa yon **bilten pou vote-nan-lapòst** epi retounen li nan youn nan fason sa yo...
  - 1... **Bwat Depo Bilten Sekirize**: Depoze li nan youn nan bwat depo bilten sekirize konte pa ou **pou pi ta a 8:00 p.m. nan dat madi 5 novanm**. List kote ki genyen bwat depo yo disponib sou sit **VOTE.NJ.GOV**.
  - 2... **Biwo Konsèy Eleksyon**: Depoze li an pèsòn nan Biwo Konsèy Eleksyon nan konte ou **pou pi ta a 8:00 p.m. nan dat madi 5 novanm**. Enfòmasyon kontak pou Otorite Elektoral nan Konte yo disponib sou sit **VOTE.NJ.GOV**.
  - 3... **Lapòst**: Li dwe genyen kachè sou li pou montre li poste **pou pi ta a 8:00 p.m. madi 5 novanm** epi Konsèy Eleksyon konte ou dwe resevwa li **pou pi ta lendi 11 novanm**.

**NÒT: Bilten pou Vote-nan-Lapòst yo PA DWE retounen nan lokal vòt ni biwo vòt ou.**

Pou plis enfòmasyon, gade wè Seri Videyo pou Edikasyon Elektè nou yo sou sit [Vote.NJ.gov](http://Vote.NJ.gov) oswa skane isit.



Governor Phil Murphy  
Vis Gouvènè epi  
Sekretè Deta Tahesha Way



1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)  
**Vote.NJ.Gov**



@NJVotes



@NJ\_Votes



NJ Department of State



@NJ\_Votes